ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№223 (22.381) ● 2012 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым я законхэр къыдэзыгъэкІ (лІыкІуэ), гъэзэщІакІуэ органхэр къызэгъэпэщыныжкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 17-нэ статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ІпкІэ ирагъэкІуэ **унафэ сощІ:**

1. ЗэхъуэкІын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкіэ, связымрэ информатизацэмкіэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкІэ, туризмэмрэ курортхэмкІэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымкіэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр зэхуэщІыжьын икІи абы и кьалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм бгъэдэлъхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэу мы Указым щыгъур къэщтэн.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым къуэдзэу тху, абыхэм ящыщу тІур ялъ къуэдзэу, иІэну гъэувын.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын:

зы мазэ пІалъэм хуриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ятеухуа положенэхэр къыщтэну;

мы Указым ипкъ иткІэ зэхъуэкІыныгъэ Іуэхухэр егъэкІуэкІыныр къызэригъэпэщыну;

езым и актхэр мы Указым иригъэзгъэжыну.

6. Къару ямыІэжу къэпытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал щыІэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №13-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыдигъэкІа Указ №108-УП-м и пункт 4-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мэзыкьыхьым и 29-м къыдигъэкІа Указ №46-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №109-УГ-м.

7. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№163-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №163-УГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я КЪЫЗЭГЪЭПЭЩЫКІЭР

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкумрэ щІы Іуэхухэмкіэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэнъыгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и адрей гъэзэщІакІуэ органхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэ и лыкІуэ Іуэхущ1апІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Санкт-Петербург къалэм зэпымыууэ щыІэ и лыкІуэ Іуэхущ1апІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыныжкІэ и къэрал комитет

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитет

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказхэр хэгуэшэныжкІэ и къэрал комитет

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал псэупІэ инспекцэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущ1апІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Зэзыгъэкіуэ судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныжкІэ и къулыкъущ1апІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан щытыкІэмкІэ актхэр тхыныжкІэ и управленэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялъ къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялъ къуэдзэу гъэувын **Марьяш Иринэ Евгений и пхъур.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№164-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялъ къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялъ къуэдзэу гъэувын **Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№165-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу гъэувын **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартин и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№166-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу гъэувын **Портэ Галинэ Іэбубэ и пхъур.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№167-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министру гъэувын **Семэн Пщыкъан Григорий и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№168-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министру гъэувын **Гызыев Берт Хьэжыуэсмэн и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№169-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Къаздахъу Альберт Билал и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№170-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министру гъэувын **АфІэунэ Аслъэн Мартын и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№171-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэнъыгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэнъыгъэмрэ архитектурэмкІэ и министру гъэувын **Мамий Артур Анатолий и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№172-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Дыщэкі Аслъэн Заурбэч и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№173-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министру гъэувын **Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№174-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министру гъэувын **Кіэрэф Мурат Анатолий и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№175-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министру гъэувын **Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№176-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министру гъэувын **Кучменов ТІэхьир Махьтэ и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№177-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказхэр хэгуэшэныжкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказхэр хэгуэшэныжкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу гъэувын **Бэрэгъун Заурбэч Владимир и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№178-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщІэ илъхьэн **Фырэ Руслан Борис и къуэм.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№179-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщІэ илъхьэн **Къумахуэ Мухьадин Лалушэ и къуэм.**

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м
№180-УГ

Пенсэхэм ятеухуауэ

«Цыхухэм я пенсэхэм хуэзэхуахьса Іыхьэр гъэмэщІэным и Іуэху зэрахуэнукъым, я нэхъ машІэрамэ, 2014 гъэм и щІышылэм и 1-м нэсыху».

Дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм анхуэдэу щыжиІащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Пенсэ хабзэм и гугъу щищІым, къралым и унафэщІым ар зи кьалэнхэм тегъэчыныкъуэу ажриІащ, зыхуеину зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьауэ, дызыхуэкІуэ илъэсым ику нэхъ кІасэ мыхьуу ар къэщтэн зэрыхуейр.

Цыхуищ хэкІуэдащ

Пермь крайм щыІэ Березняки къалэм дэт «Ависма» Іуэхущ1апІэм хлорыр къызэрыщыщыудам и зэранкІэ цІыхуищ хэкІуэдащ, блы хьэлъэу сымаджэщым ящащ.

КъызэратамкІэ, а щІыпІэм щыпсэухэм я узыншагъэм ар зэран хуэхъункІэ шынагъэ щыІэкъым. Къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ Следственнэ комитетым и лэжьакІуэхэм.

Я къалэнхэм пэлъэщыркъым

УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливанов Дмитрий дыгъуасэ Къэрал Думэм къыщыпсэльащ.

«Дипломхэр къэщэхуныр, нэгъуэщІхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэхэм къытетхыкІыныр къызэрыгуэкІ Іуэху щыхуащ ди еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Ар адэкІэ пшэч хьунукъым икІи а мыхъумыщІагъэ псоми икІэщІыпІэкІэ кІэ кІэ етын хуейщ», - жиІащ министрым. Абы къыхигъэщащ, ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, сэбэныгъашхэу къэзымыхь вузхэр ди къэралым куэдыкІей хэзрыщыхьуар икІи зи кьалэнхэм пэмылъэщ псоми унафэ ткІий зэратещІы-хьыпхьэр.

Пенсэхэм я ныкъуэ щищІэну

t Дзэм къулыкъу щищІэну ираджэм и махуэщ

t 1764 гъэм Урысейм Художественэхэмкіэ и академиер къызэрагъэпэщащ.

t 1934 гъэм СССР-м япэу щекІуэкІащ макъ зыщІэт телевизионхэр.

t Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, ШДДАА-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэшыр Юрий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

t «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ, публицист **Ширдий Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

t Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Мэкъуауэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

t АР-м щІыхь зиІэ и артистка **Къудей ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым 4 - 6 щыхьунущ.

ПлАмэрэ зыгъэхьэлъэрэ ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Маринэм.

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.

● ЩIэныгъэ

Федченко Людмилэ, Тау Пщыкъан, Къарэмырзэ Борис, Кислицин Николай сымэ.

Конференцэр щекIуэкIым

Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным - гулъытэ нэхъыбэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкIэ кьыэзрагъэпэщри, щIэныгъэ-практикэ конференцэ иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБКъУ-м. Ар теухуат дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэным щекIуэ республикэм и Iуэху зыIутым.

КОНФЕРЕНЦЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м епъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Щ.Бгъэтэпсо Сэфарбий, КъБР-м щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и кьудамэ Кислицин Николай, Жылагъуэ палатэм и лэжьакIуэхэр.

ЗэпхущIэр езыгъэкIуэкIа, Жылагъуэ палатэм и унафэщI Тау Пщыкъан и пэублэ псалъэм кьыхигъэщащ щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр» ахэр тэмэму кьэгъэсэбэпа хьунымрэ щIыхьхэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэу зэрыщытыр, икIи КъБР-м и Жылагъуэ палатэр елэжьынущ абы теухуауэ эхкIыпIэ хьунухэр кьэтыпхъуэным, убзыхуным.

Экологие и лъэныкьуэкIэ ди щIыпIэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр кьаухэтэну ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьрикIуаэхэм, абыхэм гу лъызытэн хуейуэ зи кьалэнхэм нэхъ тегъэщIауэ кьэпсэлъащ Тау Пщыкъан. Абы кьыхигъэщащэм ящыщщ щIыуэпсым и хьугъэфIыгъэхэр кьэгъэсэбэпыныр экологиемрэ екъэлIауэ щыIэ унафэхэр нэгъэса зэрымыхьуар; щIыхэрэн зэрагъэзащIэм хуэфащIэну зэрыкIэлымыплъыр; ди республикэм и мэхэр фIыуэ зэрамыхьуэмэр; псыежьхэхэр зэрауфIейр; хадзэжьI зыщIэхэм хэмиле щхъухьхэр кьыззрагъэсэбэпыр; дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэн и лъэныкьуэкIэ ди цIыхухэм я зэхэщIыкIэр зэрыщIыхьыр, нэгъэщIэхэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыуэпсыр зэрыкьулейм и фIыгъэкIэ, ар УФ-м и цIыхухэм я нэгу зыщагъэужь, я зэнушагъэр щрагъэфIакIуэ щыпIэу щытыфынущ. Мыбдежьым мыхьэнэщхуэ пIэщ ди щIыпIэм и экологием и кьабзаагъым. Лъэпкым и узынщагъэр хъумэным теухуауэ я кьэралым ирагъэкIуэкI политикэм щыпIэ щхьэхуэ щичыбыдын хуейщ щIыуэпсым и щытыкIэр езыгъэфIакIуэну Iуэхугъуэхэм, - кьыхигъэщащ Таум.

Зэхуэсым кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ доклад купщафIэхэр ящащ КъБР-м епъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Федченко Людмилэ**, Бгъащхьэ географическэ институтым и кьудамэм и унафэщI **Анахаев Кошкинбай**, КъБКъУ-м и биологие кьудамэм и кафедрэм и унафэщI **Дзу Руслан**, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэ университетым и кафедрэм и унафэщI **Ламырдон Залым**, КъБР-м щыIэ МЧС-м цIыхубэр хъумэныжкIэ и кьудамэм и унафэщI **Сэрахъэ Хьусен**, КъБКъУ-м и зоологие кафедрэм и унафэщI **Хьэтыкъуэ Iэбубэчыр**, КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Мэрем Мухьэмэд**, нэгъэущIэхэми.

Конференцэм и лэжьыгъэм хэтахэм зытепсэлъыхьам и унафэ кьыхэздащтащ. Абы кьыщыхэльъэгъуащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным екъэлIа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхьуну Iэмал нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэу, республикэм и Парламентым, кьэрал кьулыкъущIапIэхэм, кIэлъыплъакIуэ-кьэпщытакIуэ гупхэм, промышленнэ Iуэхугъуэпсым я унафэщIэхэм яхуэгъэзэа чэнджэщхэр кьащтащ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Хэкум ифI зэрихуэу псэуа Шурдым Хьэпагуэ

● Фэеплъ

Зэманыр щэ икIауэ йолъэт: махуэм махуэ кьелъху, зы илъэсым адрейр кьыкIэлъокIуэ, захъуэж цIыхуэхэм, абыхэм я Iуэхущафэхэмэ, я гупсысэхэмэ. Апхуэдэу зэкIэлъыкIхьа мэхъу тхыдэр - дуней псом ейри щIыпIэ щхьэхуэм епхари. Зеикъуэ жьлэм и тхыдэм зи цIэр кьыхэна цIыхуэм ящыщщ лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 - 40 гъэхэм абы и зэфIэувэныгъэм зи кьару куэд фэмыхьэлIа Шурдым Хьэпагуэ Хьэтым и кьуар. Бабэсэн районым и комсомол зэгухьэныгъэм и пашэу щыта, колхоз ухуэныгъэм жыджэру хэта Шурдымым и гъащIэ кIэщIыр, ауэ купщIафIэр а лъэхъэнэм гъэзэгъэльагъуэу яIащ и лъахэгъуэхэм, ижькIэ щапхъэ якуэхъуащ щIэблэм.

ШУРДЫМ Хьэпагуэ 1912 гъэм Зеикъуэ кьуажэм кьащащалъхуащ. Дунейм и зэхэзэрыкьыгъуэм ирикьэлIащ абы и сабиигъуэр, гъащIэщIэр щащхуэ зэманым хиубыдащ и щIалэгъуэр. Жылэм дэт курыт школыр щыIэныгъэ иIэу кьиуха нэужь, IэщагъэлIэр а лъэхъэнэм зыхури- мыкъу егъэджэныгъэ Iэнатlэм и кьару ирихьэлIащ: кьуажэ школым егъэджакIуэу щылэжьащ. ЩIалэ жьыдэкрыр ящыщщ щIалэгъуэлъ зэгухьэныгъэр щIыпIэм щызэфIэзыгъэувахэм. Кировым и цIэр зэрихьэу Зеикъуэ щызэхэт хозяйствэм и комсомол ячейкэм и секретару щыту, Хьэпагуэ зи щIалэгъуэхэр кьыхэзыщIигъэуIуащ жылэм псэукIэщIэ щащхуэным, къэралым и пащхьэ ит экономикэ, социально-политикэ, гъэсэныгъэ Iуэхугъуэ инхэр гъащIэм хэпщаным.

Кьыхэгъэщыпхъащ а эзаным комсомолым жылагъуэм мыхьэнэщхуэ щиIэу зэрыщытар. 30 гъэхэм зеикъуэдэс щIалэгъуалэр Шурдымыр я пашэу жыдэкрыр хэпхьыхьащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхь ин хуэныгьэхэуэ Бахъсэн ГЭС-мрэ Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатымрэ. А жьлэм дэс щIалэгъуалэрэ иужькIи а Iуэхугъ-щIапIэхэм нэхъыбэу щыIэжьар. Хьэпагуэ яхэтащ 1935 гъэм екIуэкIауэ щыта адыгэ шу зекIуэр, Кавказ бгы гаупдэр ихьуреягъкIэ къэзыкIуэхьауэ щытар, кьэзыззыгъэпэщ-щ-щхэм, а зекIуэм жыджэру хэтахэм.

Апхуэдэ гъэкьэкIэ дахэ, гупсысэ пэрыт зиIэ Шурдымым парт унафощIхэм гу кьыльатмыгъуэ кьэнакьым. Iуэху дэмыкIыу ар еджакIуэ ягъэкIуащ Парт школ нэхъыщхьэм, и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъэхъуэну, 1938 гъэм ар къыуха нэужь, Хьэпагуэ дзыхь кьыхуащIащ Бахъсэн районым иц щIалэгъуэлэм я Iуэхугъэ гупсысэрэ иубзыхуну: ар ягъэувану ВЛКСМ-м и Бахъсэн район комитетым и япэ секретару. А лъэхъэнэмэ комсомолец пашэм зыкъигъэльэгъащ зэфIэкI льагэрэ щIэныгъэр-Iрэ зыбгъэдэлъ унафэщI щыпкIэу. Абы иунэтIу щыта лэжьыгъэхэм яцIыщ кьейм щыпсэу щIалэгъуалэр кьыхуэзыгъэхозяйствэ Iуэхухэм хэшэныр, ныбжьыщIэхэм гъащIэдэкI, хэкупсэ гъэсэныгъэ ядеГъэкIуэкIыныр. Тхыдэ дэфтэрэхр щыхьэт зэрыгтехьэмкIэ, Шурдымыр зи унэтIакIуэ щIалэхэмрэ пащащэмрэ а зэманым кьагъэIурыщIауэ щытащ колхозхэм хьэхуэкIуэу хуежьа «жырыш» ярдэхэр. МащIэкъым мэкъумэш Iэнатlэхэм папщIэ IэщlагъэлIу агъэхьэзырауэ щытари.

1940 гъэм и пэщIэдзэм Шурдым Хьэпагуэ кьыхуагъэфащауэ щытащ жауаплныгъэ зыпылъ кьулыкъу: ар ягъэуващ республикэм щынэхь ин дыдэ хозяйствэхэм ящыщ зым - Кировым и цIэр зезыхьэ колхозым - и унафэщIу. Хьэпагуэ и ныбжьыр ильэс 28-рэ хьуауэ арат. ЖылпIэнурамэ, зыужьыныгъэм и гъэзу зауэм тригъэуват Хьэпагуэ хозяйствэр. УнэтIныныгъэ зыбжанэм елэжь колхозым псом хэмыдуэу ехьулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэрт Iэщ гъэхьуным. ЗэрыжаIэжьмкIэ, пхуэмыбжьныным хуэдиз хьурт хозяйствэм и мэл гуартэхэр. КПСС-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару абы щыгъуэ щыта Кьущхьэ Гъумар и гукъэкIыжхэм кьыхэщауэ щытащ Шурдым Хьэпагуэ и лэжьакIар. Кьущхьэм зэрыжиIэжамкIэ, 1940 гъэм и щIымахуэ уэрэм районым и Iэщ куэд ихьат. Хьэпагуэ кьэзгъэфIэкIат и мэл гуартэхэр щыIэм щихьумэн, мащIэ дыдэ фIэкIа яхэмыщIу. УнафэщIым и апхуэдэ зэфIэкIыр льагэу кьалъытауэ щытащ парт кьулыкъущIэхэм.

- Шурдым Хьэпагуэ и щхьэгъусэр си адэ щыпхъу Хьэцэти, абы и дуней тетыкIар зи нэгу щIэкIа зеикъуэдэсхэм сащIущ сэ, - жеIэ КъБР-м и щIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. - Абы щыгъуэ сэ сыщIалэ цIыкIут, ауэ сигу кьинэжащ си адэмрэ си адэ кьуэш Мацэрэ я гъусэу колхоз зэхуэсхэм сашэу зэрыщытар. Абыхэм хуабжьу жьакIуэу кьыщыпсальэрт Хьэпагуэ. Сэри ди Iыхьлыхэри дыгушхуэрт апхуэдэ малъхъэ цIэрыIуэ дыдэ-рIам щхьэкIэ. СощIэж: ди колхозыр апхуэдизу ныделити, щхьэж и лэжьапщIэр илъэсым и кIэм деж щытраГуашхIэ, яныныкьуэхэм мэл 20-м щIигъу кьалъысырт. ЦIыхухэр кьуэхуэрадзыт Шурдымым, апхуэдэу тыншу зэригъэпсэум папщIэ.

Iуэху зехьэкIэ дахэ, цIыху хэтыкIэ екIу зыбгъэдэлъ Шурдымым унагъуэ дахи иухат. Хьэпагуэрэ абы и щхьэгъусэ Хьэцэрэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ яку илъу, насыпыфIэу зэдэпсэурт. Абыхэм кьащIэжьуэрт щIэблэ дахи: зы хьыджкэбзэр щIалитIрэ: Маруз, Нажмудин, Юрэ. Быным я нэхъыщIэр кьалъхуагъащIэу Шурдымыр дзэ кьулыкъым ираджауэ щытащ. Абы щыгъуэ партыр лэжьакIуэхэм, кьулыкъущIэхэм хуитынигъэ зэIуэгъэкIа дзэм дэмыкIыну, арщхьакIэ Хьэпагуэ а хуитынигъэр кьиГъэсэбэпыну хуеякьым икIи адрей и кьуэжэгъуэхэм я гъусэу кьэралым кьулыкъу хуищIэну дзэм дэкIащ. Заполярьем щыIэу, Хэку зауэшхуэр кьэхъеящ икIи апхуэдэу фронтым Iухащ.

1942 гъэм Хьэцэ кьыIэрхьауэ щытащ хьыбар гуауэ зэрыт тхыгъэр. Абы зэриратакIэ, Карело-Фин гъунапкъэм пэмыжьыбжэу щекIуэкIа зауэ хьэлъэхэм ящыщ зым Шурдым Хьэпагуэ хахуэу биим щыпэщIэтащ икIи Хэкум и хуитынигъэм папщIэ и псэр иташ.

Хьэпагуэ фронтым зэрыIутам и гупсэу зауэ нэужьым уигъэувам кьахуищIыжауэ щытащ абы кьыдэзэуа ТхьэилI ХьэмлэтIифэ. Абы зэрыжиIэжьмкIэ, езыр уIэгъэ хьэпэ хабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. - Абы щыгъуэ сэ сыщIалэ цIыкIут, ауэ сигу кьинэжащ си адэмрэ си адэ кьуэш Мацэрэ щытащ зэзауэр щекIуэкIа губгъэушхуэм. А Iуэхугъуэхэр кьыгъэтэжащ Хьэпагуэ кьыдэзэуа нэгъэущI зауэлIхэм: Шогуэ Мухьэмэд, Псыхуабэ щыщ урыс щIалэхэу Михаил, Иван, Владимир (я унэцIэхэр унагъуэм исхэм ящIэжырхьм) сымэ.

- Ди адэм Хэку зауэшхуэм ныбжьэгъу кьыщыхуэхъуауэ щытахэр езым хуэдиз псори псэ кьабзэ, цIыху пэж защIэт, - жаIэж Хьэпагуэ и бынхэм. - Ахэр зауэ нэужьым ди унагъуэм кьэдIэIэпыкъуащ. Нобэми дощIэж абыхэм я гуапагъэр, псэ хьэлэлагъэр, кIэ зимиIэ фIыщIи яхэтщI зэпыту допсэу, ди анэ тхьэмыщкIэм дыкьигъэтэджкIыныкIэ зыкъызэрыщIагъэкъуам щхьэкIэ.

Быныр ипIын, зыхуэй хуитэзэн хуейуэ зи пщэ кьыдэзэуа Хьэцэ лъэкI кьигъэнакъым ахэр гъэзу пэж, зауэ тригъэувэн папщIэ. Жащ-маХуэ жимыIэу, иб щIэкъуэзауэ, езым хуэдэу «Фрызабэ» щIэр зауэм пасэу кьэзыфIищащ бзылъхугъэ минхэм ещхьу, быным щхьэгъэзыхь захуищащ, я фэрэ я ныбэрэ зэримыгъэныкъуам кьыдэкIуэу, дахагъэр, нэхугъэр я гуи ильу, щIэныгъэм хэпэабгъу кьигъэтэджащ. Кьуажам дэт курыт школыр Марузи, Нажмудини, Юри дыщэ медалкIэ кьауахуэ щытащ, щытхъушхуэ яIэу.

Апхуэдэу щыIэх яIэу ахэр гъащIэмэ хэуващ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, псэм фIэфI Iэщагъэ яIэу. Маруз куэдрэ щIалэжьаш потребкооперацие Iэнатlэм, хьуманIэ банкым. Иджыпсту пенсэ щысщ, Налшык дэсщ. Математик щIэрыIуэ Шэфий Хьэчим и гъэ-рэн нэхъыбэ яIащ щIалэ Нажмудин еджапIэ нэхъыщхьэр кьиуха нэужь, Зеикъуэ дэт курыт школ №3-м есэпыр щриГъэжащ, илъэс куэд льапэр-рэ абы и унафэщIщ. И лажьыгъэфIым папщIэ кьыхуагъэфащауэ къэрал дамыгъэхэр куэд, «КъБАССР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэ льапIэрэ ящащ.

Шурдымхэ Хьэпагуэрэ Хьэцэрэ я бынхэр ящыщщ щIыхуэгъэ льагэр, пэжыр, зауэгъэр зи гъуэзэр упсэжым зи дунейр псэ кьабзэкIэ, зэхэщIыкI куукIэ гъэнщIажэм. Апхуэдэщ абыхэм кьащIэхъуэ щIэблэри. Кьэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм щIэныгъэ щIыэзыгъэгъуэта абыхэм кьарыщIыкIащ IэщlагъэлI Iэкlуэлъакlуэхэр, лэжьакIуэ жьджэрхэр. Я адэшхуэм и щапхъэм тету ягъэса ныбжьыщIэхэм, нэхъыжьхэми хуэдиз, я кьэралрэ зэфIэкIрэ ирахьэлIэ республикэм и ехьулIэныгъэм, зыужьыныгъэм.

ЩIэблэ дахэ кьызыщIэхъуа Шурдым Хьэпагуэ и гъащIэ кIэщIыр хуэдизу нуру кьэбла уафэхъуэпскIым и нэхум. Щалъхуа Зеикъуэ адыгэ жьлэм, Бахъсэн куейм и зэфIэувэныгъэм зи гъащIэ куэд езыхьэлIа хэкупсэм и фэеплъым, кьызэрыпльытэмкIэ, хуэфащэ дыдэщ гу-лъытэ хэха. Апхуэдэхэм я цIэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



Шурдым Хьэпагуэ
(1912 - 1942)

Кавказ бгы уардэр ихъуреягъкIэ кьэзыкIухьауэ щыта адыгэ шу зекIуэм хэтахэр. *СэмэгумкIэ кьыщыщIэдзауэ:* **Къардан Iэюб, Абазэ Ибрэхьим, Сэбанныр Жантемыр, Шурдым Хьэпагуэ** *(щыхэр)*, **Бихьырэ Хьэжумар, Къалмыкъ ХьэтIал, Сыжажэ Мущтэфар, Ует Мацэ** *(щытхэр)*.

Зеикъуэ къуажэ, 1935 гъэ

● ДифI догъэлъапIэ

Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэ

Сыт хуэдэ газетми и напэкIуэцIхэм куэдрэ ущрихьэлIэркъым абы щылажьэхэм ятеухуа тхыгъэхэм. Ар кьызыхэкI псом и гугъу тщIынкьым идэмспту, ауэ абы и щхьэусыгъуэр зы журналистыр адрейм щытхъуну хуэмейуэ хьэмэрэ фIыуэ зэрымылъагъуу арауэ ди гугъэкъым. Дэ щыхьэт дызыгъехьэфынуращи, «Адыгэ псалъэ» газетым и гупым кьытхэткьым апхуэдизкIэ. Гупым хэтхэм яку зэхущытыкIэ дахэ зэрыдэлъыр зи фIыгъэхэм ящыщщ мы тхыгъэр зытеуха, газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ Ширдий Маринэ Хьэжумэ и пхъур, зи дуней тетыкIкIи, зи гъэкьэкIэкIи, зи унагъуэ Iыгъыкlэкlи - кIэщIу жьыпIэмэ, сыткIи щапхъэу бгъэлъагъуэ хьуну бзылъхугъэ щыпкъэр. Маринэ мы тхыгъэр тедухуэну мурад щIэтщIам щхьэусыгъуэ дахэ иIэщ - нобэ абы егъэтпанIэ кьышцалъхуа махуэр.

Ширдий Маринэ

Журналист куэдым ягъэунэхуауэ кьыщIэкIынщ уи ныбжьэгъум, фIыуэ узыхущIт цIыхум утетхыхьыныр псом нэхъ-рэ зэрынэхъ гугъум - абы бгъэдэлъ фIагъ псорэ кьызэрыбгъэльэгъуэн гъэсалъэ пхуримыкьу, жьыпIэну узыхуейхэм щыщ куэд тхыгъэ кIэщIым пхунимыгъэзагъэ мэхъу. Апхуэдэ щытыкIэ иджыпсту дитщ Маринэ и гъэкьэгъуэхэр, ауэ зэрытхуэзфIэкIкIэ ар нэхъ гъунэгъуу фэдгъэщIыхунущ. ФэдгъэщIыхунщ: псалъэр ныбдежь кьэщцемызэгъэ хуэдэуи щытщ, сыту жьыпIэмэ ди щIэджыкIакIуэхэм ар илъэс куэд щIауэ яцIыху и тхыгъэ купщафIэхэмкIэ.

КъэбэрдеI-Балъкъэр кьэрал университетыр кьиуха нэужь, Маринэ лэжьэн щыщIидзащ Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдэкI «Черкес хэку» газетым. Абы и Iэнатlэ нэхъ гугъу дыдэм - политикэмкIэ и, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и кьудамэм - и унафэщIу илъэс пщIыкIытхукIэ лэжьащ. Ди республикэм кьиГъэзэжа нэужь «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу кьрагъэблагъэри, гугъэзагъэу а Iэнатlэм ильэс куэдкIэ пэрытащ. Дэбгъуэн щымыIэу журналист гъэкIуэм езыр зэрехьулIэм, псэ хьэлэлкIэ абы зэрыбгъэдэтым кьытебгъэзэжу и гугъу умыщIми хъунущ - ди щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящохьу Ширдийм газет напэкIуэцIхэм кьышIэт Iуэхугъуэхэр зэрызэпкIрихьыр.

Пъэпкъ Iуэхум гупщI хуэмIэ цIыхущ Маринэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм ди дежи, ди къуэш республикэхэми щригъэкIуэкIа Конгресс псоми, лъэпкъ Iуэхур япэкIэ гъэкIуэтэным зыщытепсэлъыхь нэгъуэщI зэIущIэ куэдми я лэжьыгъэм хэтащ Маринэ. Хэкум исхэми, хамэ щIыналъэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъгъуэхэм я гъащIэм фIыуэ щыгъуазэщ, абыхэм ятеуха тхыгъэ купщафIэ куэди и кьалэмпэм кьыщIэкIащ. Илъэс зыбжанэкIэ уэзIэбзэкIыжьэ, Маринэ Тыркуем кIуэри, абы щыIэ ди лъэпкъэгъуэм я псэукIэр зригъэльэгъуащ икIи абы теухуа тхыгъэ кьыдигъэкIыжащ.

Бзэм и кьарур, и беягъэр нэсу кьэгъэсэбэпыным хуэпабгъэм и мызакъуэу, ар зэхъуэIэ журналистщ Маринэ. Абы и фIыгъэкIэ ди бзэм кьыхьыхащ щэрджэс адыгэхэм кьагъэсэбэп псалъэ зыбжанэ. КIэщIу жьыпIэмэ, ди адыгэ псалъэр текIуэну абы и пIэ нэгъуэщI щынэным пщэщтщ, и нэIэ зытет журналист ныбжьыщIэхэри кьуэщхьэ дыдэу ящIэрэ и кьулеягъ псомкIи ягъэзащэхьэн.

Зэман гугъум и нэпкъыжьэ ди лъэпкъым кьытримыдзэным, дуней псом кьызэрыщащIыкъу, пщIэ кьыщIыхущI и хабзэ дахэхэр фIэмыкIуэдыным гу хьэпIэнри кьыфIащащ. Кавказ Ищхъэрэ бгыпIэ-металлургическэ институтыр ехьулIэныгъэкIэ кьэзыIуха Юрэ Гидромет заводым щылэжьащ, комсомол, парт, кьэрал кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр игъэзащIащ. Иджыпсту ар и унафэщIщ СтандартизацэмкIэ, метрологиемрэ яхъхутэныгъэхэмкIэ кьэрал Iуэху щIапIэм КъБР-м щиIэ щIыналъэ центрым. Юрэ мызэмытIуэу хахащ цIыхуфэ депутату. «УФ-м щIыхь зиIэ и метролог», «КъБР-м и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ льапIэхэр зезыхьэ Юрэ кьыхуагъэфащащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхыпIэ зыбжанэ.

Быным я IуэхумкIэ псэхугъэ игъэтамэ, анэм и гум дапщэщи ихурэкъым и щхьэгъусэм и кьэщцхэр здащIыгъэ щыпIэр зэримыщIэр. А гукъеуэр яIэт Маруэи, Нажмудини, Юри. И гъащIэ кIэщIым кьрихьыдэу Iэхугъуэкий куэд зыIэжьыну хуиса, жьлэм пщIэрэ щIыхьрэ зыхуащIу дэса я адэм и кIуэдыпIэми и кIуэдыкIами куэд зэрыхамыщIыкIыр къэйжьэкIыфIт абыхэм. Бгылитъ хуэра нэужь, абыхэм кьалъыхуащ Хьэпагуэ зауэм щыхэкIуэдар - ар Карелием щыхьэ? Ребольм щыIэрэ, ауэ щыщIалъхьа щIыпIэр ягъуэтакъым. Ахэр щIэхъуэпсыр адэм и кьащащхэм Iэ дальэну, щалъхуа щIыналъэм щыщ щы IэмышIэ абы трамвайтэ, я псэр ягъэтынышъкIыну. Хуейт жьрэIыну я Iуэху дэкIыу дунейм зэрытетыр, и щхьэгъусэр хуэпэжу зэрыпсэуар.

Хьэпагуэ я кьыхуигъэна бынищыр и пльапIэрэ и анэмэту и гъащIэ псор ирихьэкIащ Хьэцэ. Ар дунейм ехьыжащ 2000 гъэм.

Шурдымхэ Хьэпагуэрэ Хьэцэрэ я бынхэр ящыщщ цIыхугъэ льагэр, пэжыр, зауэгъэр зи гъуэзэр упсэжым зи дунейр псэ кьабзэкIэ, зэхэщIыкI куукIэ гъэнщIажэм. Апхуэдэщ абыхэм кьащIэхъуэ щIэблэри. Кьэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм щIэныгъэ щIыэзыгъэгъуэта абыхэм кьарыщIыкIащ Iэщlагъэлl Iэкlуэлъакlуэхэр, лэжьакIуэ жьджэрхэр. Я адэшхуэм и щапхъэм тету ягъэса ныбжьыщIэхэм, нэхъыжьхэми хуэдиз, я кьэралрэ зэфIэкIрэ ирахьэлIэ республикэм и ехьулIэныгъэм, зыужьыныгъэм.

ЩIэблэ дахэ кьызыщIэхъуа Шурдым Хьэпагуэ и гъащIэ кIэщIыр хуэдизу нуру кьэбла уафэхъуэпскIым и нэхум. Щалъхуа Зеикъуэ адыгэ жьлэм, Бахъсэн куейм и зэфIэувэныгъэм зи гъащIэ куэд езыхьэлIа хэкупсэм и фэеплъым, кьызэрыпльытэмкIэ, хуэфащэ дыдэщ гу-лъытэ хэха. Апхуэдэхэм я цIэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

БгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ

● Псапэ

Бейтыгъуэн Заур ЩIакIуэныкьуэ Хьэчим компьютер пэшым папщIэ тыгъэ ирет.

Ныкьуэдыкьуэхэм я зэгухьэныгъэ Налшык кьалэ щыIэм иджыблагъэ зэхьыхь щекIуэкIащ.

ЗИ Iэпкълъэпкъ кьызыздымбзэхэр жьлагъуэ гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм лъэпощхьэпоуншIу япызыщIэ Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщыным иужьрей зэманым псапащIэ Iуэхущапи1эхэм гулытэ нэхъыбэ хуащI. Абыхэм ящыщ зыщ ныкьуэдыкьуэхэм компьютерым щыщыхьагъасэ пэш зи гугъу тщIы центрым кьыззрыщызэIуахар.

Зэхуэсым кьакIуэ щIакIуэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зэпхьыкIыныгъэмкIэ министерствэм и кьудамэм и унафэщI Кьущхьэбий Артур, Зи закьуэу псэухэмрэ жьы хьуэхэмрэ я центрым и тхьэмадэ Бейтыгъуэн Заур, ныкьуэдыкьуэхэм я Налшык кьалэ зэгухьэныгъэм и правленэм хэтэхэр, журналистхэр.

ХьэщIэхэм захуигъаззу, Iуэхущапи1эм и тхьэмадэ ЩIакIуэныкьуэ Хьэчим мыпхуэдизу жиIащ:

- Илъэс 15 хьащ зэгухьэныгъэ кьызэрыгъэдгъэпэщрэ. Дэ ди нэхъ ятещI цIыху ныкьуэдыкьуэ 1000-м щIигъуи. Ахэр дунейм, кьэралым щекIуэкIым хэдгъэзэгъэным тещIыхьауэ кьызэIудох компьютерхэр зыщIэт пэш.

Бейтыгъуэн Заур и псалъэм кьыхихъэщащ ныкьуэдыкьуэхэм ядэлэжьэныр зэрымыIуэху тыныщыр, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьахуэбгъуэтын зэрыхуейр.

- ФIыщIэ лей фхуэфащэщ мы организацэр зезыхьэхэм, - жиIащ Бейтыгъуэным. - Зи Iэпкълъэпкъ кьызыщIэмэ кьызыщIэмыбзэкIэ я зэгухьэныгъэ зэрыщIэм кьэдыгъэзыгъэкIыну щIэгъэзэкIыным. Ауэ ди лъэныкьуэкIэ я щIэ нэужь, зэхущIэкIыным, - жиIащ Бейтыгъуэным. - Зи Iэпкълъэпкъ

Экономикэ Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

ХэхакIуэхэм я нэхейкIэ

Украинэм щыIэ Винницэ областым хэхыныгъэхэм зи Iуэху къыщимыкIа кандидатым щригъэжъугъэжащ ипэкIэ иригъэужуауэ щыта гъуэгур.

ХьэРЫЧэТЫЩI Юрчишин Петр Рыбчинцы къуажэм гъуэгу щригъэщIат. Iэ Iэтым кърикIуахэр науэ хъуа иужь, абы ешьм и лэжьакIуэхэм унафэ яхуищIащ грейдерэмкIэ гъуэгур якъутэжыну. Иджы къэнэжар техникэм зэхитIыхьа губгъуэщ. Юрчишиным иIэщ дагъэ завод, аптекэ зыкъом, иныгъщ щIыхуэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ит баджэнд уасэхэм, гъэшыр къаззрыих пщIэмкIэ абы къуажэдэсхэр куэду къыпыщIащ. Хэхыныгъэхэм и Iуэху къыщыщимыкIым, ар Рыбчинцы щыпсэуэм яхуэдэгъэщ шэр зэрэIих уасэм кIэригъэхуну?

Властым и телъхьэу къалъитэ Юрчишин Петр хэхыныгъэхэр фIахьащ. Абы къытекIуащ процент 64-м щигъум Iэ зыхуаIэта Катеринчук Николай.

«Аргументы недели».

● Гъуаздж

Кэтрин Зета-Джонс актрисэ цIэрыIуэщ. БдзэжьеящIэхэм я къуажэ щыкIу Суанси къалэм пэгъунэгъуэм къыщалъхуа хьыджэбз цыкIур Голливуд и цIэр щигъэувыфащ. Абы къыхуагъэфэщащ «Оскар», BAFTA саугъэтхэр.

● Псалъэмакъ

Иджы Президентым и деж нэсащ

Хамэ къэрал дипломатхэмрэ журналистхэмрэ топсэлъыхь УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхунгъэзэну пIалъэр кIэзэрысам. Нэгъэ къэс Президентым егъэбелджылы къыгъэлъэныкъуэ пэщыт къалэнхэр. А докладым къеджэным зы сыхьэт хуэдиз ехь.

ПРЕЗИДЕНТЫМ и бгыр нэхъ къеуз хьуащ, ар апхуэдизэ зэманкIэ зэфIэтпсэльэфыну? Абы къыхэкIыу хуагъэфащэ Путин Владимир щысу псэльэным Федеральнэ Зэхуэсыр арэзы техьэнкIэ хъуну.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, аракъым нэхъыщхьэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Медведев Дмитрий и правительствэр абы нужькIэ занщIэу зэбграгъэкIынущ. Медведевыр и къулыкъым пэмыльэщу, хэбгъэзыхьмэ, къэрал мыгъкур уней щынным хэзэрыхьыжауэ жаIэ.

ПравительствэщIэмрэ абы и Iэтащхьэмрэ я пащхьэ къалэныщIэхэр ирагъэувэнущ. Ауэ ахэр игъэзэщIэн папщIэ премьерым, къызэрыгуэкIыу жьытIэнщи, къыгурыIуэн хуейщ зэфIэнгъкIыну лэжьыгъэ зыхуэдэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ упэльэщынкъым узыпэрыт Iэнатlэм пэхъун Iэщlагъэ уимыIэу.

Зиусхьэн Медведевым ар къыгурыIуагъэнущ. Абы къыхэкIыу иджы яуже итщ Путиныр игъэгъэзэну: Президентым игу иримыхь псалъэхэр къыжьдэкI хуауэ. Къэтщтэнщи, жиIащ, судыщIэу лэжьамэ, «пускэхэр» («лисэ щIэрыIуэм хьэльнишу кIащыфа бзыльхъугъэхэр») имыгъэтIысыну.

Иджы Президентым и Администрацэм хъыбархэр къэуIкI Медведевым Iэнхуа (Iужков Юрий аргуэру зыпащIэжа хуэдэу, Iуэхур зыхуэгъэзащ Москва и Iэтащхьэ Собянин Сергей Правительствэм и унафэщIу ямыгъэувын папщIэ Iужков и гупыр зэщIэгъэуIуэныкIи.

КРЕСТЬЯНИНОВ Виктор.
«Аргументы недели».

Блэкlа хэхыныгъэхэм Саакашвили Михаил кьыгъэрыщихагъащIэрэ мазэм щIигъуа кьудейщ, арщхьэкIэ Курскэр Урысейм кьыгъэрыхущытым хуабжьу зихъуэжащ. Премьер икIи къэралым и Iэтащхьэ хьуну Иванишвили Бидунэр зэуэмысжащ 2008 гъэм зэхаубла махуитку зауэмкIэ жэуап зыхьыр Курскэм и президентыр арауэ. Апхуэдэу кьулыкъу пэрыувахэм я мурад-кьым Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуакъэ Iумпэм щIыну. Абыхэм зэхуащIыжащ Урысейм и бий кьару нэхьыщхьэр ПИК (Первый Информационный Кавказский) каналыр.

СААКАШВИЛИ Михаил иджыри властыр Iэщlэльми, абы и зэфIэкIым псынщIэу кIэроху. Япэрауэ, кудым кьагурыIуащ «Курскым и зыужьныныгъэ тельыджэр» ягъэву Iэуэльауэ кьудейуэ зэрыщIытыр. «Реформэхэр» зыгъэбатэ СМИ-хэм ират мылькур зэрырижIу, тельыджэр пщэдджыжь пшагъэу зэкIэщIихужащ. Иджы япэ телеканалым и лэжьакIуэхэр зодауэ, хэт сыткIэ кьуанщэми яхуэхэмыгъэкIыу.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, аракъым нэхъыщхьэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Медведев Дмитрий и правительствэр абы нужькIэ занщIэу зэбграгъэкIынущ. Медведевыр и къулыкъым пэмыльэщу, хэбгъэзыхьмэ, къэрал мыгъкур уней щынным хэзэрыхьыжауэ жаIэ.

ПравительствэщIэмрэ абы и Iэтащхьэмрэ я пащхьэ къалэныщIэхэр ирагъэувэнущ. Ауэ ахэр игъэзэщIэн папщIэ премьерым, къызэрыгуэкIыу жьытIэнщи, къыгурыIуэн хуейщ зэфIэнгъкIыну лэжьыгъэ зыхуэдэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ упэльэщынкъым узыпэрыт Iэнатlэм пэхъун Iэщlагъэ уимыIэу.

Зиусхьэн Медведевым ар къыгурыIуагъэнущ. Абы къыхэкIыу иджы яуже итщ Путиныр игъэгъэзэну: Президентым игу иримыхь псалъэхэр къыжьдэкI хуауэ. Къэтщтэнщи, жиIащ, судыщIэу лэжьамэ, «пускэхэр» («лисэ щIэрыIуэм хьэльнишу кIащыфа бзыльхъугъэхэр») имыгъэтIысыну.

Иджы Президентым и Администрацэм хъыбархэр къэуIкI Медведевым Iэнхуа (Iужков Юрий аргуэру зыпащIэжа хуэдэу, Iуэхур зыхуэгъэзащ Москва и Iэтащхьэ Собянин Сергей Правительствэм и унафэщIу ямыгъэувын папщIэ Iужков и гупыр зэщIэгъэуIуэныкIи.

КРЕСТЬЯНИНОВ Виктор.
«Аргументы недели».

МосквакIэ къриIуэнтIэкIыжрэ?

● Куржы

ГъыМ и гъыгъ и нэхъыщхьэр - президент уардэ унэр - Iэщlэкlынкlэ хъунущ. Премьерым абы хуигъэуващ унэр ибгынэну: къэралым кьытохьэлъэ уардэ унэм зы ильэсым доллар мин 500 и уасэ электрокъару кьыгъэрыщагъэсэбэпыр.

Ауэ а псори зэхьэлар езы Саакашвили и Iуэхур зэрыхьунум и закъуэщ. Ар ягъэтIысмэ е трагъэкIмэ, ди къэралым щыщу зи жагъуэ хьунур мащIэщ. Дяпэкlэ урысей-Куржы зэхущытыкlэхэр зыхуэкIуэнум куэдкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Идджыпстэ ахэр нэхъ зэщIэзыгъапльэр Абхъазым Осетие Iпщэмрэ е егъэщIылIа Iуэхухэрщ. Ди жагъуэ зэррыхьунщи, ахэр псынщIэу зэфIахьфынукъым.

Куржым нэгъуэщI къэралIуэхуэмкIэ и министру ягъэуа Панджиондзе Майе занщIэу жиIащ Абхъазым Осетие Iпщэмрэ къэралыгъуэ щхьэхуэу кьыззэрилытам кьыпыкIыну, Урысейм и дзэхэр а щIыналъэм иримышыжауэ дипломат зэхущытыкIэхэр зэфIимыгъэувэжыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, куржы властхэм, быдагъ зэрахъэкIыр кьагъэлъэгъуэным хущIэкъуурэ, щытыкIэр пкуэзфIэмыхьыным хуагъэжауащ.

Арщхьэкlэ, политикхэм кьызэралытэмкIэ, зэхущытыкIэр зэрекIэкIуамкIэ Кремлыр кьуанщэщ. Нэхъ щхьэтчу жыпIэнкъым, президенту щыта, иджы премьер-министр Медведев Дмитрий. 2008 гъэм, зэрытщIэщи, Абхъазымрэ Осетие Iпщэмрэ хамэ унафэ щIэмыт къэралыгъэхэу абы кьылытащ.

Щэч хэмылъу, апхуэдэ лъэбакъуэр щыуагъэншэу кьэпльытэ хъунут, Саакашвили Михаил президент кьулыкъур игъащIэкIэ иныгъамэ, Арщхьэкlэ, иджы щытыкIэм зихъуэжащ - дунейпсо Iуэхухэм апхуэдэ куэдрэ кьыщыхуэ. Абы кьыхэкIыу, куэд лъандэрэ кьоIэкIэ мы хабзэр - зэи епIэщIэкIын хуейкъым кIэух унафэр кьэщтэным. Абы щыгъуэми, Абхъазми Осетие Iпщэми я унафэщIэм я деж хуэфащэ пщIэ щигъэтакъым хуаща тыгъэм. Аращи, Куржым егъэщIылIа Iуэхухэр щIэх зэфIахьжьфыну кьыщIэкIынукъым .

Ауэ зэхьэкIыныгъэ гуэрхэри щыIэщ; куржыхэм кьагъэлъагъуэ дачыкьыну зэрыхьэяяныр. Интеграцэм пыщIа Iуэхухэмкlэ министр Закареишвили Паатэ жиIащ езым и кьэралым абхъазщхэнвал паспортхэр кьыльытэнкIэ зэрыхьунур. Апхуэдэу абы диIыгащ Абхъазым и щIыналъэмкIэ ди кьэралхэм яку дэлъ гъущI, автомобиль ч

●Щэнхабзэ

Сурэтыр **СВИРИДЕНКЭ Татьянэ** *трихащ.*

Пармэ къикIа телъыджэ

Симфони музыкэмкIэ щIыналъэ зэхуаку фестивальм, Темыркъан Юрэ и цIэр зэрихьэу зэхаублам хьыхьэу, Налшык къалэ концерт щаташ Италием и Пармэ Пащтыхь операэм и оркестрым и солистхэм.

ПАРМЭ операэ театрыр къыщыунэхуар 1829 гъэрщ. Налшык къеблэгъа музыкантхэр пщIы хъурт. Абыхэм езым я оркестрыр (Пармэ операэ ансамблым хэтхэм щыщ зэгуклъэри) 2007 гъэм къызэрагъэпэщыжащ. Кьыхэзгъэлъапхъэщ: 2009 гъэм Темыркъан Юрэ а оркестрым ирагъэблэгъауэ абы и макъамэ унафэщIу мэлажьэ.

ХьэщIэхэми бысымхэми фIэхъусклэ захуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Фыриэ Руслан**. Абы кьыхигъэщащ классикэ музыкэм едэIуэну пшыхьым куэдым зыкъызэрыгагъэхьэлIар зэрэгуапэр.

Ансамблым и пашэт Пащтыхь операэ театрыр къызэзыгъэпэща, абы и унафэщI Пеллигрини Серджио. Абы и гуащI хэлъщ оркестращ мы зэманым Италием щынэхъыфIхэм зэрыхабжэм.

Пшыхьым щагъэзэщIащ Моцарт Вольфганг Амадей и «Фигаро и фызыш», Россини Джоакино и «Золушка», Беллини Винченцо и «Норма» операэхэм я увертюрэхэр, Верди Джузеппе и «Сицилие пшыхь» операэм и бале сюитэр, нэгъэуцIхэри.

Пшыхьым кьеIуэгъэIахэм гукъинэж ящыхьащ «Амаркорд» (реж. Феллини Федерико), «Зэгуэрым Америкэм» (Леоне Серджо) я фильмхэм хэт макъамэхэм щыщу оркестрым игъэзэщIар.

БАГЪЭТЫР Iунэ.

Дэрбзэр нэхъыфIхэр

● Зэпеуэ-хэр

Налшык спорткомплексым щекIуэкIащ модельерхэм я щIыналъэ зэхуаку зэпеуэ «Кутюрье года» зыфIаща а зэхуэсым щIыхьыкIуэ кърихьэлIат.

ЗЭХЫХЪЭР кьызэзыгъэпэща «Творчествэмрэ дахагъэмрэ я центр» (унафэщIыр ЛъышIэж Розанэщ), «Fatishine» студиехэм (унафэщIыр Шахмановэ ФатIимэщ) ядэIэпыкъуащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ республикэм и щIалэгъуалэ центрымрэ. Мыпхуэдэ зэпеуэ Налшык иджы япэу щекIуэкIыу аращ. Iуэхур кьыхэзыльхьахэм я мурадщ дэрбзэр лэжьыгъэм нэхъыбэ щагъэгъуэзэну, ар зи ЕщIагъэм я нэхъыфIхэм ядэIэпыкъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм я дизэрэхэм утыку кьрахьащ «Город», «Светский раут», «Театр», «Этнос», «Эксперимент» зыфIащащ щыгъыныгъэхэр.

Хьыжьрокъуэ СультIан текIуахэр егъэлъапIэ.

Щыналъэ зэхуаку зэпеуэм и Гран-прир хуагъэфэщащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Бещто Марианэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм ихъ ягу ирихьар абы «Анна и Мария» зыфIащ, IэлъэщIхэм кьыхищIыкIа и коллекцэрщ. Япэ увыпIэр лъагъэкащ Прохладнэ къалэм щыщ Махотовэ Вероникэ, етIуанэр Абрамовэ Никэщ, ещанэ хьуар налшыкдэс Шадыжевэ Роэзиц. КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и саугъэтыр Налшык щыщ Мэшыкъуэ Миланэ тыгъэ хуащIащ. Зэпеуэм, зэраубзыхуам тету, модель нэхъыфIыр кьыщыхахащ. Ар илъэс 14 хьу Гуо Назимэщ.

«Кутюрье года» щIыналъэ зэхуаку зэпеуэм и унафэщI ЛъышIэж Розанэ зэрыжиIамкIэ, пашэ хьуа псори хэтынущ етIанэгъэ гъатхэм Москва щекIуэкIыну Урысейпсо зэхьэзэхуэм. Абдеж щагъэзэIуэнущ дизрэзэр ныбжьыщIэхэм ящыщу Кавказ Ищхьэрэм и лIыкIуэу Нью-Йорк кIуэнур хэтми.

Зэпеуэм и программэм хэту, Шахмановэ ФатIимэ мастер-класс итащ.

ПЩЫГЪУЭШ Iсият.

Пащты Борис я гъусэу.

●Хьуэхъу

Мбэт Анетэ щIыгъэхэм я догощ

Налшык дэт клиникэ сымаджащ №1-м сабий нефрологиемкIэ и къудамэм и унафэщI Мамбэт Анетэ Мухьэмэд и пхъум медицинэ щIэныгъэхэм я доктор диссертацэр Санкт-Петербург къэрэ педиатрие медицинэ академием ехьулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ.

Анетэ, уи гъащIэ гъэзугр дахэу, узыпэрыт лэжьыгъэм и хьэр пльагъуу, уи гур щызэрэ унасыпыфIэу, уи мурадхэм уальэIэсу япэкIэ укIуэну, щIэныгъэм и лъагапIэщIэхэм унэсыну, унагъуэ насыпрэ дэрэжэгъуэкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэну дынохъуэхъу. Узынщагъэм и плырыр ар зэрынэхъапэр ощIэри, абы цыщымыщIэну, дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ уиIэу, цIыкубзыр гурэ псэкIэ зыщIэхъуэпсри псори кьохъулIэну, уи дахагъэм, цIыхугъэм, нэмысым кIэрымыхуу гъащIэщхьуэ кьэбгъэщIэну, насып, фIыгъуэ мыухыж Тхьэм къуипсэну ди гуапэщ.

Пщlэ кьыпхуэзыщI, фIыуэ укъэзылъагъу уи ныбжьэгъухэр.

●Проектхэр

Ныбжьыщ1эхэм папщ1э

Мечиев Кязим и цIэр зэрихьэу Налшык дэт, ныбжьыщIэхэм я библиотекэм щекIуэкIащ «WEB-ландия» зыфIаща социальнэ сайтым и презентацэр.

«Вымпелком» ОАО-мрэ («Билайн») Урысей кьэрал ныбжьыщIэ библиотекэмрэ школакIуэхэм папщIэ зэгъэсэу кьыдэIуаха «WEB-ландия» сайтым и фIыгъэкIэ, иджы ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ Интернетым тыншу кьыщагъэтынущ зыхуей Iуэхугъуэм теухуа хьыбархэр. НыбжьыщIэхэм хьыбар мыхъумыщIэхэр зэрыпльмыгъэIэсынми егупсысащ проектыр зэхэзыльхьахэр. Кьапщтэмэ, Интернетым зегъэужьыныкIэ фондым 2010 - 2011 гъэхэм иригъэкIуэкIа «Урысейм и сабий Интернетыр къэзыгъэсэбэпэр» къэхутэныгъэхэм кьагъэлъэгуэращи, ди къэралым ис сабийхэм я процент 83-м ялэрохьэ зэран яхуэхъуну хьыбархэр, процент 80-м я адэ-анэхэр кIэлъыплъыркъым абыхэм Интернетым кьраххэм. КьищынэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэм я процент 41-р ИнтернетымкIэ щыхугъэ яхуэхъуахэм яхуоз. Гурыуэгъэущ абы ныбжьыщIэхэр зыхуиншэнкIэ хьунур.

Сайтыр жэпуэгъуэм и кIэхэм ирагъэжьащ. Абы мы адресымкIэ уихьэ хъунущ - «Веб-ландия» **(www.web-landia.ru).**

- Нобэ ирихьэлIэу кьыхахащ ныбжьыщIэхэм ятещIыхьа веб-сайт гъэщIэгъуэну 400. Ахэр Iыхьэ 14-у зэпыудащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, сабийр школым хуэгъэхьэзырыным, абыхэм зегъэужьыным теухуа джэгукIэ зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу удэзыхьэщ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, литературэм, гъуазджэм, тхыдэм, хамэ къэралыбзэхэр джыным теухуа Iыхьэхэр, - жиIащ «Вымпелком» ОАО-м и менеджер Захаров Илья. - Мы сайтым ис ныбжьыщIэхэм Iэмал яIэнущ ягу ирихьахэм тепсэлъыхьыну, абы я ныбжьэгъуэхэри кьыхашэну. Ныбжьыщ1э библиотекэхэм щылажьэхэми мы сайтым зэпеуэ зэхуэмыдэхэр, аксыл зэхэдзэхэр кьыщызэрагъэпэщурэ школакIуэхэм ядэлажьэ, сабийхэр езыр-езыру щызэпсальэ хьунущ.

ШколакIуэхэр зыхуеину хьыбарыщIэхэмкIэ сайтыр махуэ кьэс кьагъэщIэрэщIэнущ. Нэхъыщхьэращи, кьызэрэпэщакIуэхэр IэщIагъэлIхэм ечэнджэщынущ, ныбжьыщIэхэм я кьэухьым зезыгъэужь, сэбэп яхуэхьуну кьалыгтэхэр кьыщыхахкIэ. КьищынэмыщIауэ, зи гугъу тщIы сайтым ит хьыбархэм библиотекэм и лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, психологхэр, Интернет шынагъэунашагъэмкIэ щIынальэхэм щыIэ центрхэм я лIыкIуэхэр зыхэтыну кьэпщытакIуэ гупыр кIэлъыплъынуи, школакIуэхэм я сэбэп мыхъумэ, я зэран абы кьимышэн щхьэкIэ.

Библиотекэхэм я лэжьакIуэу зэIущIэм кьрихьэлIахэм Захаровым яжриIащ сайтыр егъэфIэкIуэным теухуауэ абыхэм кьыхальхьэ Iуэхугъуэхэми гулытэ зэрыхуащIынур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.



●Кикбоксинг

Анкара къраша дыщэ медалхэр

ЩэкIуэгъуэм и 4-м Тыркум и къалащхьэ Анкара кикбоксингымкIэ Европэм и чемпионат щекIуэкIащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дыщэ медалитI къыщахьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ къэрал 37-м икIа спортсмен 627-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я щIыхьыр абы щызыхьума, дунейпсо чемпион Борэ Астемыр (кг 54) Европэм и чемпион хъуащ. КIэух зэIущIэм абы щыхигъэщIащ бысым спортсменыр. Тренерхэу ДыщэкI Аслъэнбэчрэ Сихьу Къазбэчрэ кьыхэрыхагъэщамкIэ, судьяхэр зэдарэзыуэ Астемыр текIуэныгъэр ираташ. Кьыхэдэхэщыныи, Борэрэщ къэзыхьар Дунейпсо Кубок-2012-р.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Сасыкъ Анзор и гъэсэн Жэгъуэ ФатIимэ (кг 48). Абыи кIэух зэIущIэм хьрхэуэрэгъу кьыщыхуэхъущ Тыркум щыщ спортсменкэ. ФатIимэ Урысейм спортымкIэ и мастерщ, 2012 гъэм дунейпсо Кубокыр кьихьащ, 2011 гъэм дунейпсо чемпионатым жэз медаль щызыIэригъэхьауэ щытащ.

Чемпионатым зыщыхуагъэхьэзыращ



Борэ Астемыррэ Жэгъуэ ФатIимэрэ

КъШР-м и Теберда къалэм. Урысейм и командэ кьыхэхам и зыгъэсэныгъэхэм хэтащ КъБР-м щыщ, спортым дунейпсо класзиIэ и мастер, Урысейм, Европэм, дунеи псом я чемпион, тренер Къудей Алим и гъэсэн Ельская Юлие. Ди жагъуэ зэрыхьущи, игъуэта фэбжьым и зэраикIэ Тыркум щекIуэкIа иужьрей зыгъэсэныгъэхэм ар хэтакъым икIи а щхьэусыгъэуэм кьыхэхIыу Европэ чемпионатым зыкъыщигъэлъэгъуакъым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

● Дзюдо

Къэрал кIуэцIуэхуэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплексым щекIуэкIащ дзюдомкIэ спорт школхэм я гъэсэныгъэм я зэпеуэм и кIуэ зэхьэзэхуэ.

ТЕКIУАХЭР щагъэлъапIэм кьрихьэлIащ къэрал кIуэцIуэхуэмкIэ министр КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей. Спортсмен ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну кьызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ министрым, зэпеуэр кьызэзыгъэпэща КъБКъУ-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ, спортсменхэм нэхъ лъэщыр, я зэныбжьэгъугъэр сыт щыгъуи текIуэну екIуэхьащ.

Васильев Сергейрэ КъарэмырзэБарэсбийрэ текIуэныгъэ кьэзыхьа спортсменхэм кубокхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ, дзюдоист ныбжьыщIэхэм я гъусэу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

Къэрал кIуэцIуэхуэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жыларгъуэ зэтыщIэныгъэхэмкIэ и IэнатIэ.

КВН-м фрагъэблагъэ

●Хъыбарегъащ1э

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щэкIуэгъуэм и 19-м сыхьэт 18.00-м щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и КВН-м и бжьыхьэ кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэ.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПэЩIащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэмрэ республикэм и щIалэгъуалэ центрымрэ. КВН-м и бжьыхьэ кубокым щIэбэныну Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и «Лена Кука», «Сан-Франциско», «Чай, кофе, потанцуем», КъБКъУ-р къэзыухахэмрэ абы щеджэхэмрэ зыхэт «Московский салат» гупхэр, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ КъБКъМУ-м, Белгород къэрал университетым потребкооперацэмкIэ, экономикэмрэ правэмкIэ Налшык щиIэ институтым и «СНГ»-м щыджэгу щIалэгъуалэр.

Абыхэм яхэлъ жыджэрагъымрэ гушыIэмрэ зэпеуэм и Iыхьитым (фIэхъус щат, фристайл) щагъэлъэгъуэнущ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтынущ блэкIа ильэсхэм щыIа КВН-хэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэр, «Регион 07» гупым хэтахэр. Абы и унафэщIщ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хъыжьрокъуэ СультIан.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Ди газетым и къыкIэлыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынущ щэкIуэгъуэм и 17-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» тезгъэтыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-37-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт зэпыщIныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныныгъэр хьэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №ПI-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыжащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Сонэ, редактору ЖЬэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Мариэ, Щомахуэ Марианэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3013